

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data campur kode dina siaran Béntang Parahyangan Bandung TV, bisa dicindekkeun tilu hal ieu di handap.

- a) Tina transkrip rekaman siaran Bénpar Bandung TV, kapanggih 207 data gejala campur kode, anu mibanda wanda jeung wujud campur kode nu tangtu.
- b) Wanda campur kode nu kapanggih dina siaran Bénpar Bandung TV aya 335 kecap, nu nyoko kana campur kode ka jero (*inner code mixing*) 251 kecap (75%), jeung campur kode ka luar (*outer code mixing*) jumlahna 84 kecap (25%)
- c) Wujud campur kode anu kapanggih dina siaran Bénpar Bandung TV kapanggih 254 data wujud campur kode nyoko kana lima wujud campur kode nyaéta (1) CK nu ngawujud kecap aya 143 (56,30%), (2) CK nu ngawujud frasa aya 58 (22,83%), (3) CK nu ngawujud baster aya 12 (4,73%), (4) CK nu ngawujud idiom aya 4 (1,57%), jeung (5) CK nu ngawujud klausa aya 37 (14,57%).

Dumasar tina kacindekkan di luhur, ébréh yén campur kode dina siaran Béntang parahyangan Bandung TV umumna mangrupa campur kode ka jero, anu lolobana ngawujud kecap.

5.2 Saran

Ieu panalungtikan miboga saran pikeun:

- 1) Luyu jeung kamekaran élmu pangaweruh jeung téknologi, ku kituna kecap-kecap atawa kandaga kecap nu aya dina kamus basa Sunda gé kudu ditambahan saluyu jeung kamekaran téknologi nu aya.

Nisa Siti Zakiyah, 2014

*Campur kode dalam siaran Béntang Parahyangan
Bandung TV*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 2) Pikeun lembaga-lembaga hiburan hususna média éléktronik nyaéta TV anu midangkeun acara Sunda, dipiharep sangkan ngurangan dina nyampurkeun basa asing/basa Indonesia salila masih kénéh bisa ngagunakeun basa Sunda.
- 3) Pikeun masarakat dipiharep hasil analisis bisa nambahan pangaweruh nguenaan salasihiji kasalahan dina makéna basa sangkan peristiwa campur kode di masarakat bisa diminimalisir, salasihiji carana nyaéta nambahan kabeungharan kandaga kecapna.